

ANN BAY LODYANS 1

Se Bryant Freeman
("Tonton Liben") ki
pare ti liv sa a.



PM
7854
.H39
A56
2000
v. 1

AYITI SE PÈP AYISYEN

Enstiti Etid Ayisyen - Inivèsite Kannzas
Bon Nouvèl
Fondasyon Alfa Lwès
2000

PM
7854
.H39
A56
2000
v. 1

MONTRE M LAKAY BONDYE

Vwala, te gen yon manman ak twa pitit gason. Men manman sa a te nan anpil mizè ak pitit sa yo. Li prèske pa t kapab jwenn manje pou l ba yo. Timoun yo menm pa t ka mete rad, yo pa t gen anyen, yo t ap boukannen dlo.

Yon jou pi gran gason an di: “Manman, kite m al lakay papa Bondye, pou n soti nan mizè sa a.”

Manman an di: “Non, pitit mwen, ou pa ka pati konsa, ou p ap janm jwenn lakay papa Bondye.”

Pitit la reponn: “Manman, fò m ale.” Li leve, li pati. Li pran twa zaboka pou l manje nan wout la. Gason an mache, li mache, li mache, jouk li rive kote yon madanm k ap lave nan yon larivyè. Se te yon vye granmoun, chèch tankou taso.



Msye a pa di anyen. Li vire do bay pòv fanm lan. Li kòmanse manje tout zaboka li genyen. Lè l fini, li bese bwè dlo pi wo kote madanm lan t ap lave a. Li pa bay granmoun lan santi sa l t ap manje a. Li pa menm di bonjou menm. Li di li konsa: “Granmoun, kote

pou m fè pou m al lakay Bondye?” Granmoun lan wè li malelve, li reponn: “Fè sa. Ou a twouve kay Bondye.” Wout sa a mennen nan yon twou djab. Vwala, nèg la rantre nan twou a: Oup! Djab yo manje !!

Lè aswè rive, yo wè gran frè a poko vini, manman an kòmanse mete dlo atè. Dezyèm gason an di: “Manman, kite m al wè kote gran frè m ye.” Manman an reponn: “Non. Ou wè premye a pati, li pa vini. Ou menm, ou pa ka ale tou pou ou pa vini.”

Pitit la di: “Manman, fò m pati.”

Nan denmen manman an ba l twa zaboka pou l manje nan wout la. Msye ale, li rive kote menm granmoun fanm lan. Li manje, li pa bay madanm lan anyen. Lè l fini, li mande l kote pou l fè pou l rive lakay Bondye. Ti granmoun lan di l menm bagay: “Fè sa.” Msye a swiv menm wout la, e tchoup! Djab yo manje l menm jan.

Lè manman an pa wè 2 pitit li yo, kè li sote. Tchikata, twazyèm gason an, di: “Manman, kite m al wè kote yo ye.” Manman an di: “Yo ki pi gran y ale, yo pa vini, e ou menm ki pi piti ou vle ale!” Ti gason di: “Mwen prale, m ap vini, wi!”

Nan denmen maten, manman an ba li yon sè zaboka. Pwovizyon yo fini nèt. Lè Tchikata rive

kote menm vye granmoun lan, li chita bò kote li. Li ba li mwaye zaboka a, yo manje, yo pale. Lè yo fin manje, yo bwè dlo. Tchikata mande granmoun lan kote pou l fè pou l al lakay papa Bondye. Madanm lan di: “Ala bon ou bon, pitit mwen. Ale tou dwat, premye bèl ti kay ou wè anfas ou a, rantre ladann.”

Li mache li mache jous li rive jwenn lakay papa Bondye. Rive li rive devan bèl kay la, li rele: “Onè!” Papa Bondye reponn: “Respè! Sa ou vle?” Tchikata di: “Bonjou, papa Bondye. Manman m pòv anpil. Li voye m pou mande ou yon ti lavi, souple. Epi, li sot pèdi 2 pitit ki te vini kote ou anvan mwen. Nou pa janm wè yo retounen.”

Papa Bondye di: “Mwen konnen, pitit mwen. Yo pa t rive kote m paske yo te fè malonnèt avèk yon malerèz. Pou ou menm, m a fè ou kado yon ti sèvyèt m gen la. Lè ou rive nan bout chemen, ou a di: “Sèvyèt, grennen manje sou mwen.” Tchikata pran ti sèvyèt la, epi li di: “Mèsi, papa Bondye.”

Tchikata pran li, l ale. Lè li rive nan bout chemen, li di: “Ti sèvyèt, grennen manje sou mwen.” Ti sèvyèt la vide manje, li vide manje, li grennen manje. Tchikata di: “Rete.” Sèvyèt la rete.

Nan mache mache li rive nan yon kay bò chemen an, li antre, li mande dòmi. Lè li pral dòmi, li di: “Men yon ti sèvyèt m mete la, pinga nou di: “Sèvyèt, grennen manje, non!”

Lè mèt kay la wè ti gason an dòmi, li di: “Ti sèvyèt, grennen manje!” La pou la, ti sèvyèt la grennen



manje, li vide manje... Li pran ti sèvyèt la, li mete yon lòt ki pa vo anyen nan plas li.


Lè Tchikata leve, li pran sèvyèt la, li di: “Sèvyèt, vide manje a sou mwen.” Ti sèvyèt la pa menm ka souke kò l.

Lè li wè sa, li retounen lakay papa Bondye ankò. Li di: “Bondye, men ti sèvyèt ou te ban mwen an, li pa vo anyen.” Bondye di: “M a regle sa. Kounye a m ap ba ou yon ti bourik. Lè ou rive nan bout chemen, ou a di: “Bourik, kaka lajan.”

Tchikata pran bourik la, li pati. Lè li fin mache yon bon ti distans, li di: “Bourik, kaka lajan sou mwen.” Lamem ti bourik la kaka lajan, li kaka lajan, li kaka lajan, li kaka lajan. Tchikata pran tout kòb yo.

Lè li rive nan menm kay la kote yo te pran sèvyèt la, li rete dòm la. Li di yo: “Men yon ti bourik m mare la, pinga nou di: “Ti bourik, kaka lajan, tande.”

Vwala mèt kay la veye kon ti gason an dòm. Li di: “Ti bourik, kaka lajan.” Ti bourik la kaka lajan, li kaka lajan, li kaka lajan... Madanm lan pran kòb la ak ti bourik la, li mete yon lòt vye bourik ki pa vo anyen nan plas la.



Nan denmen maten, Tchikata di: “Ti bourik, kaka lajan.” Ti bourik la pa kapab. Li pran ti bourik la, li retounen kote papa Bondye. Lè l rive, li di: “Bondye, ti bourik la pa ka kaka lajan.” Bondye menm di: “Bon. Yon sèl ti baton m gen la, pran li. Lè ou a rive yon bon ti distans, ou a di: “Ti baton, fè devwa ou.”

Lè Tchikata rive byen lwen, li di: “Ti baton, fè devwa ou.” Ti baton an kenbe gason an, li bat li, li vide bwa sou li, li kale li. Tchikata di: “Rete!” Epi ti baton an rete.

Tchikata ale dòmi menm kay la toujou. Li di mèt kay la: “Men yon ti baton m mete la. Pinga ou di: “Ti baton, fè devwa ou!”

Nan nwit Tchikata fè kòm si l ap dòmi. Li wè mèt kay la pran baton an. Vit li rele: “Ti baton, fè devwa ou!” Ti baton an pop li kenbe mèt kay la. Li bat li, li kale l, li kraze l ak bwa. Mèt kay la rele: “Ayayay! Anmwesekou!” Tchikata leve, li di: “Ban m sèvyèt la ki grennen manje a, ak bourik la ki kaka lajan an, m a sove ou.”

Lamenm mèt kay la kouri, l al chache ti sèvyèt la ak ti bourik la, li renmèt ti gason an yo. Tchikata di: “Rete.” Ti baton an lage mèt kay la.



Lèfini, Tchikata pran tout bagay yo, epi li retounen al jwenn manman l. Li renmèt manman l sèvyèt la, ti bourik la, ak ti baton an. Yo toude jwi byen jwi kado papa Bondye te sere pou yo.

Se yon ti kout pye yo ban mwen, m al tonbe lòt bò lanmè.

MANJE PANDAN ENNAN

Yon jou Timalis al lakay Bouki. Li di li konsa: “Monkonpè, m sot fè yon bèl esperyans. Gwo bèf mwen an, mwen touye li, enpi mwen manje li pandan ennan.”

Bouki pa poze Timalis okenn keksyon. Men li pran lide nan sa Timalis sot di l la.

Nan denmen, Bouki touye pi gwo bèf li te genyen an. Li mete l nan yon gwo barik sèl. Li pa bay pèsonn anyen. Chak jou li manje moso ladann.

Men, apre yon senmenn konsa, vyann lan kòmanse gate. Vyann lan kòmanse pran vè. Bouki ennève, li move. Li pran yon baton, li pike lakay Malis pou li kraze lak bwa.



Malis menm, ki wè li ap vini ak gwo baton an, tou fèmen pòt li akle. Li rete andedan an. Bouki di li: “ Si m te jwenn ou, ou ta wè sa m ta fè ou!”

Malis reponn li: “Monkonpè, anvan ou touye, fò ou jije. Sa k pase ou?”

Bouki di li: “Ou fè m pèdi tout vyann bèf mwen an. Sa ou di a pa posib.”

Lè sa a atò, Malis reponn: “Enben monkonpè, ou ta mande mwen kijan pou ou fè preparasyon vyann lan! Lè mwen te fin touye bèf pa m lan, mwen te bay chak vwazen yon moso. Konsa, nan lanne a, chak fwa yon vwazen touye yon bèf, li voye moso ban mwen tou. Sa fè mwen pase tout lanne a ap manje bèf la.”

Sezisman pran Bouki. Nan lavi, se men ale men vini ki fè zanmitay dire. Konsa tou, se tèt ansanm ki rann lavi a bèl, ki fè richès boujonnen pitit.

Lélio Etienne

ISTWA YON WA, PITIT FI L YO, AK TIJAN

Te gen yon wa ki te gen twa pitit fi, twa bèl ti demwazèl. Men non timoun sa yo te difisil anpil, epi wa a te pran prekosyon pou non pitit li yo pa janm site nan lari, kidonk nanpwen moun nan peyi a ki te konn non timoun yo, paske pèsonn pa t janm gen lokazyon pou tande non youn nan tifi sa yo.

Yon jou wa a te bezwen moun pou l kondane nan travo fòse. Nan de tan twa mouvman li fè tout moun nan peyi a konn nouvèl la:

“Lòd wa Sipangwe! Si mwen ta jwenn yon nonm ki ta rive konnen non youn nan pitit fi mwen yo, m ap marye l avè l san pwoblèm, epi m ap ba l twaka nan fòtin mwen yo! Men - si moun lan vini epi li pa jwenn li, li pou mwen pou tout rès lavi li: mwen gen dwa fè sa m vle avè l.”

Tout manman pitit ki te tande nouvèl sa yo, te met pitit yo an gad pou yo pa pran chans. Yo te gentan devine se pyèj l ap tann pou jenn gason.

Gen kèk chèlbè ki te vle richès ak bèl fanm: yo ale kanmenm pran chans yo. Men chak sa ki t ale pa t tounen ankò! Konsa, wa a te ranmase bon valè moun. Malgre sa, pèsonn patko prèt pou



jwenn non tifi yo.

Te gen yon ti gason pye chik yo te rele Tijan. Nan tèt li, li di konsa: “Sa Granmèt la sere pou yon moun, lavalas pa konn pote l ale. M pral jete nas mwen.”

Tijan soti, epi lè l rive bò palè wa a, li wè yon pye ponm woz. Li moute sou li.

Yon ti moman apre, wa a vin ap pase ansanm ak ti medam yo. Tijan souke yon ti branch ponm tou dousman, yon bèl ponm tonbe. Youn nan timoun yo di: “Papa, men yon bèl ponm tonbe! Kite m al pran li!”

Wa a voye je l pou l wè si pa gen moun alantou a, epi li di: “Nou mèt ale!”

Lamenm touletwa tifi yo kouri. Sa k te pi devan an, pap, li pran ponm nan. Lòt yo rele: “O! Mannazo pran l.”

Tijan souke branch lan ankò. Yon lòt ponm tonbe pip, yon tifi kouri, li pran l, yon vwa di: “Mannazwa jwenn youn.”

Pandan y ap pare pou yo tounen, Tijan fè menm bagay la ankò. Yon lòt ponm pip, li tonbe. Tout medam yo reponn ansanm: “Sa a pou Mandelèn!”

Apenn wa a pati ak ti medam yo, Tijan kouri desann pyebwa a. Li kouri devan palè a, yon sèl bagay nan tèt li: “Mwen bezwen fè wa konnen mwen menm, Tijan, m konnen non touletwa pitit fi l yo.”

Lè wa a parèt, li gade ti nonm pye chik la, epi li mande l: “Ki pwoblèm ou?” Tijan di: “Mwen vin patisipe nan konkou ou la, mwen konn non touletwa pitit fi ou yo!”

Wa a di: “Ebyen, piske ou konn non touletwa fi yo, ban mwen youn apre lòt! Moun serye pa konn non pitit mwen yo! Se ti vakabon kouwè ou ki ta konnen yo! Antouka, kote ou antre la a, ou p ap soti ankò!”

Tijan reponn: “Ou pa gen dwa pou pale avè m di konsa, se bofis ou mwen ye!”

Wa a move! Li rele yon makout nan palè a, li di: “Si ti nonm sa a pa pale kounye a, filange l ak kout rigwaz epi ale avè l.”



Tijan di: “Mwen pa met pantalon m pou bèl twal!
Men non twa pitit fi ou yo: youn rele Mannazo,
youn rele Mannazwa, lòt la rele Mandelèn.”

Wa a sezi. Endispozisyon pran !! Makout la a
chache dlo vide sou tèt li. Lè l revini, li bay Tijan
lanmen. Li di: “Sa ou di a, se sa.” Li rele twa pitit
li yo pou Tijan chwazi pi bèl la.

Tijan marye, li rete nan yon gwo kay wa a
fè bati pou li.

Se devan gwo kay sa a m t ap pase. Tijan ban
m yon sèl koutpye, m vin tonbe isit.



JAN SÒT AK JAN LESPRI

Moun nou ka kwè ki pi sòt la, se li ki gen lespri. Moun nou konn ki pi gen lespri a, se li ki pi sòt.

Te gen 2 frè: yo te rele pi gran an Jan Lespri, e pi piti a Jan Sòt. Epi yo chak vin gen yon bèf.

Yon jou, yo te gen kont. Yo tanmen joure. Jan Lespri di Jan Sòt konsa: “Se bon, ti frè mwen. Se bèf la ou genyen ki fè ou aji konsa. M a montre ou!”

Kon li fin di sa, li rale revòlè l, li daw! daw! Li tire bèf Jan Sòt la. Jan Sòt menm pa di anyen. Li kòche bèf li, li manje yon moso, li vann yon lòt, epi li seche po a.



Yon jou konsa, li leve al vann po a. Etan li t ap pase bò yon ti rakbwa, li wè 2 ti konmi k ap pase. Yo chak gen yon ti bout sak lajan nan men yo. Jan Sòt kache. Lè ti konmi yo vin ap pase pre ti

rakbwa a, li frape po a: daw! daw! daw! Lamenm ti konmi yo lage ti bout sak yo atè. Hap! Yo mete kouri. Jan Sòt menm ale, li pran ti bout sak lajan yo e li tounen lakay.

Lè li rive, li chita lakay e li baye: Ohan, ohan. Jan Lespri mande: “Sa ou genyen, frè mwen?” Jan Sòt reponn: “Hen, m pa gen anyen non, frè. Men frè, ou touye bèf mwen pou m te kab pi pòv. Men mwen pati ak po a, mwen vann li pou 2 bout sak lajan.” Epi, li montre Jan Lespri bout sak lajan yo.

Jan Lespri di: “Se vre, Jan Sòt? M al touye bèf mwen an tou.” Li rale revòlvè l, li daw! daw! Li tire bèf la. Li kòche l, e lamenm li pati ak po a.

Chak kote li pase, y ap plede di: “Nou pa achte po, nou pa achte po.” Konsa konsa, po a vin pran vè nan men l. Li lage l yon kote e li retounen lakay.

Lè l rive, li di frè a konsa: “Jan Sòt, m te pwonmennen po a tout kote pou vann li, m pa jwenn moun pou achte l. Li vin pran vè nan men m, se jete m te blije jete l.” Jan Sòt di: “Eben frè, ou pa t pase nan ri kote m te vann pa m lan.”

Aprè sa, yo kontinye ap viv. Men Jan Lespri gen yon gran jalouzi pou Jan Sòt la.

Lamèsi Montelus

SE MANMAN OU!

Vwala se te yon fi ki te gen foli ansent. Fi sa a pase dènye doktè ki te genyen nan peyi a. Tout grenn yo ba li pou l vin ansent se rans. Lè l wè sa se twòp, l al kay yon bòkò. Bòkò a wè sa se yon bagay ki enposib, men pou l pa dekouraje l nèl, li di l: “Machè, ou mèl al lakay ou, pwoblèm ou an pa grav. Men sa w ap fè: nenpòt sa w ap manje, kwit fèy zepina manje avè l. Lè ou pa kwè, w ap ansent.”

Nan manje fèy zepina, fi a vin gen yon sèl apeti ki pran l. Li manje tout sa l jwenn jous tan l gonfle. Lè vant li kòmanse moute disèt wotè, m pa bezwen di nou jan l kontan.

Top, vantfèmèl pran l. Li kontan pi rèd, li panse se tranche l genyen. Li desann kabann li. Li pran vaz la pou l akouche ti pitit la, paske li pa ta vle l fèt nan siman frèt la. Li voup li chita sou vaz la san l pa konnen si te deja gen yon ti chat ki t ap dòmi ladann.

Fi a te tanmen fè yon ti pipi. Ti chat la menm ki pè dlo, rele myaw myaw myaw. Fi a gen yon sèl kè kontan ki pran l. Li di: “Ou pa bezwen nè nitit mwen, se manman ou!”

**FÒK TOUT MOUN
FÒK TOUT MOUN I**

KU BOOKSTORES \$2.00

0-8400-5093-3



**FREEMAN, BRYANT
ANN BAY LODYANS VOL.1**

GCON

08/19/00